



Pou Piblikasyon Imedya: 02/04/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE EFÒ POU EDE ETIDYAN NEW YORK YO GEN AKSÈ
AK ÈD FINANSYE**

Gouvènè Hochul pibliye yon pwoklamasyon ki deziyen mwa avril kòm Mwa Sansibilizasyon sou Èd Finansye pou mete aksan sou opòtinite èd finansye pou etidyan New York yo ak enpòtans pou yo konplete FAFSA

Anonse Fondasyon Petrie te bay CUNY 1 milyon dola pou lanse yon nouvo Ekip Sipò Èd Finansye CUNY pou ede 100,000 etidyan Vil New York jwenn aksè ak èd ki disponib

Lanse Pwogram ankourajman STEM Eta New York 2024 la pou sipòte etidyan SUNY oswa CUNY yo k ap pouswiv yon diplòm STEM; Aplikasyon an ap ouvri 3 avril

Inisyativ la swiv anons 2024 Gouvènè Hochul la nan kad diskou Eta Leta a pou rann achèyman FAFSA inivèsèl nan New York

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon [pwoklamasyon](#) ki deklare avril 2024 kòm Mwa Sansibilizasyon sou Èd Finansye nan Eta New York pou ede enfòmè etidyan yo ak fanmi yo sou enpòtans pou ranpli [Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Etidyan](#) ak anpil opsyon èd finansye ki disponib pou yo. Gouvènè Hochul te anonse tou ke Fondasyon Petrie (Petrie Foundation) te bay Inivèsite Vil New York (City University of New York, CUNY) 1 milyon dola pou lanse Ekip Sipò pou Èd Finansye (Financial Aid Support Team, FAST) CUNY an pou ede 100,000 etidyan acheve FAFSA a. Pwogram nan pral dewoule jiska septanm 2024. Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap lanse pwogram ankourajman STEM New York 2024 le 3 avril, ki pral ofri prim ekolaj pou etidyan Eta New York yo nan Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) oswa nan kanpis nivèsite Vil New York yo k ap chèche yon diplòm nan yon domèn etid Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik (Science, Technology, Engineering, and Mathematics, STEM) ki [apwouve](#). Aplikan yo dwe dakò tou pou yo viv ak travay nan Eta New York pandan senk ane apre yo fin gradye.

"Pou Nouyòkè ki vle pouswiv edikasyon siperyè, èd finansye se yon zouti enpòtan ki ka ede transfòmè rèv yo an realite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Twò souvan, elèv yo ak fanmi yo rate tout opòtinite èd finansye ki disponib pou yo, sa ki lakòz anpil moun

rate sipò enpòtan sa a. Nou ap konble vid enfòmasyon an epi bay etidyan yo resous yo bezwen pou ranpli aplikasyon FAFSA yo epi debloke opòtinite èd finansye ki ka sipòte pakou edikasyon siperyè pa yo."

Pou lanse Mwa Sansibilizasyon sou Èd Finansye a, Gouvènè Hochul ap anonse plizyè inisyativ nan Eta New York pou ede etidyan yo pouswiv yon diplòm edikasyon siperyè. Efò Gouvènè a yo genyen ladan:

- Ankouraje elèv lekòl segondè Eta New York yo ranpli aplikasyon FAFSA yo epi pran tout avantaj pwogram èd finansye yo lè yo voye lèt bay etidyan yo atravè eta a ki mete aksan sou resous ki disponib pou yo.
- Anonse Fondasyon Petrie te bay CUNY 1 milyon dola pou lanse FAST, yon nouvo pwogram achèyman FAFSA an patenarya ak Lekòl Piblik Vil New York yo (New York City Public Schools, NYCPS) ak lòt patnè enstitisyonèl pou sible 100,000 elèv ki a risk jiska septanm 2024.
- Lanse aplikasyon Pwogram Ankourajman STEM Eta New York pou 2024 la nan dat 3 avril pou sipòte elèv Eta New York yo k ap chèche yon diplòm STEM nan nenpòt kanpis SUNY oswa CUNY. Aplikan yo dwe dakò tou pou yo viv ak travay nan Eta New York pandan senk ane apre yo fin gradye. Genyen Plis detay ki disponib [isit la](#).
- Mete aksan sou evènman atravè Eta New York pou ede elèv yo ak fanmi yo navige nan pwosesis èd finansye a. Lis konplè evènman yo disponib [isit la](#).

Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon an, li te rete angaje pou plis aksè ak èd finansye, ki gen ladan l anonse yon inisyativ Eta Leta 2024 pou rann achèyman FAFSA inivèsèl nan Eta New York. Dènye done ki soti nan [Rezo Nasyonal pou Revisit Kolèj](#) (National College Attainment Network) ki revele ke plis pase 225 milyon dola nan finansman Sibvansyon Pell Federal yo pa t reklame nan Eta New York an 2023. FAFSA se premye etap nan jwenn èd federal, ki gen ladan Sibvansyon Pell federal la, pwogram travay-etid, ak pwogram prè nan pri ki ba, ansanm ak èd ki baze sou enstitisyon yo akòde pa anpil kolèj ak inivèsite. Etidyan, paran ak konseye yo ka jwenn plis enfòmasyon sou FAFSA, ansanm ak yon kantite lòt resous nan [FAFSA Ready](#).

Pandan mwa avril la, Gouvènè Hochul te anonse Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè (Higher Education Services Corporation, HESC) Eta New York, SUNY, CUNY ak òganizasyon akademik ak kominotè nan New York pral òganize plizyè evènman pou ede etidyan yo ak fanmi yo navige nan pwosesis èd finansye yo ak ranpli aplikasyon FAFSA ak TAP yo. Evènman yo enkli sesyon enfòmasyon sou erè komen etidyan yo fè lè yo ranpli aplikasyon pou èd finansye, opòtinite vityèl pou konekte ak ekspè HESC, ak diskisyon sou opòtinite bousdetid pou etidyan yo. Ou ka jwenn yon orè konplè evènman yo [isit la](#).

Nan oktòb 2023, SUNY te lanse Kò Achèyman FASA (FAFSA Completion Corps) pou ede etidyan potansyèl yo ranpli nouvo aplikasyon federal pou èd finansye pou kolèj. SUNY te resewa yon sibvansyon prèske 300,000 dola nan men AmeriCorps pou lanse inisyativ la, ki te kòmanse ak 48 etidyan atravè sis kanpis SUNY. Pozisyon yo finance

atravè travay-etid federal oswa lòt resous finansye. Anplis de sa, nan fen dire sèvis AmeriCorps la, etidyan yo pral resevwa yon Prim Edikasyon Segal AmeriCorps, ki ka itilize pou ranbouse prè ki kalifye yo ak pou peye depans edikasyon aktyèl yo nan enstitisyon edikasyon siperyè ak pwogram fòmasyon ki kalifye yo.

FAFSA a lye dirèkteman ak [aplikasyon Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj \(Tuition Assistance Program \(TAP\)\)](#) Eta New York la, konsa tou de ka ranpli an menm moman. Nou ankouraje etidyan ki pa kalifye pou ranpli FAFSA pou ranpli [aplikasyon Lwa sou Rèv Eta New York \(New York State Dream Act\) la](#) pou detèmine si yo kalifye pou aplike pou èd finansye Eta New York la.

Prezidan Kòporasyon Sèvis Ansèyman Siperyè, Doktè Guillermo Linares, te deklare, "Mwen rejwenn Gouvènè Hochul pou m mete aksan sou siyifikasyon pou ranpli FAFSA pou jwenn aksè ak divès pwogram èd pou etidyan federal, eta ak enstitisyonèl yo. FAFSA sèvi kòm yon pòtay pa sèlman pou èd federal, men tou pou èd eta, tankou Pwogram Asistans pou Frè Ekolaj (TAP) Eta New York la. Ranpli li ta ka faktè defini nan kapasite yon elèv pou ale nan kolèj."

Rektè SUNY an, John B. King, Jr., te deklare, "Ranpli aplikasyon FAFSA oswa Lwa sou Rèv NYS la se sèl fason pou etidyan yo ak fanmi yo dekouvri ki èd finansye ki disponib pou yo fè kolèj posib, epi asire èd sa a. Ekip nou an nan SUNY fyè pou l rejwenn Gouvènè Hochul nan fè tout sa nou kapab pou asire elèv yo konnen epi jwenn tout èd finansye yo elijib pou yo, soti nan kreye Kò Achèyman FASA SUNY an rive nan fè semènè sou entènèt ak òganize Jounen Èd Finansye atravè kanpis nou yo, ak rejwenn Gouvènè Hochul nan travay pou rann achèyman FAFSA inivèsèl pou etidyan nan klas tèminal yo."

Rektè CUNY an, Félix V. Matos Rodríguez te deklare, "CUNY ap travay sere ak Eta New York pou ede plizyè milye etidyan potansyèl ak aktyèl etidyan yo ki te afekte pa dewoulman kawotik FAFSA revize a. Avèk sipò jenere Fondasyon Carroll ak Milton Petrie, nou pran angajman pou nou ede totalman moun ki riske retade oswa entèwonp edikasyon yo paske yo pa kapab fè chwa enfòmè sou vrè pri kolèj. Nou remèsye Gouvènè Hochul paske li te mennen kanpay pwo-aktif sa a pou asire tout etidyan yo resevwa èd finansye yo bezwen pou yo kòmanse kolèj oswa pou yo retounen nan kanpis yo nan mwa septanm nan."

Komisè Edikasyon Eta a, Betty A. Rosa, te deklare, "Èd finansye, enkli FAFSA, esansyèl pou tout jèn Nouyòkè yo pandan y ap navige nan pakou edikasyon yo, kèlkeswa plan kolèj pa yo. Kit se pouswiv edikasyon siperyè oswa enskri nan yon pwogram edikasyon karyè ak teknik, aksè ak asistans finansye enpòtan anpil pou ouvè pòt opòtinite ak asire ke chak etidyan ka pouswiv rèv yo san yo pa anpeche akoz kontrent finansye yo. Mwen ankouraje tout etidyan ak fanmi New York yo pou yo fè rechèch sou pwogram ak resous finansye ki disponib yo."

Prezidan Komisyon Kolèj ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola W. Brabham, te deklare, "Sektè Endepandan

Edikasyon Siperyè a fyè pou l rejwenn Gouvènè Hochul, HESC, ak kolèg nou yo nan sektè piblik la pou asire etidyan yo ka jwenn aksè ak chak dola yo kalifye pou yo lè yo ede yo ranpli FAFSA." Li te ajoute, "FAFSA se yon zouti enpòtan nan ede etidyan New York yo ak fanmi yo jwenn èd etidyan ki nesèsè pou reyalize rèv pou genyen yon diplòm kolèj."

Prezidan Asosyasyon Kolèj Prive New York la, Donna Stelling-Gurnett, te deklare, "Asosyasyon Kolèj Prive yo (Association of Private Colleges, APC) ekstrèmman fyè pou li rejwenn Gouvènè Hochul ak lidè HESC yo nan mete aksan sou avril kòm Mwa Sansibilizasyon sou Èd Finansye. FAFSA se yon premye etap enpòtan nan aksè ak kolèj, epi kolèj manm APC yo ak patnè nou yo nan edikasyon siperyè yo pare pou bay sipò ki nesèsè pou ede etidyan yo ranpli FAFSA yo avèk siksè."

Direktè Egzekitif Fondasyon Petrie, Cass Conrad, te delare, "Fondasyon Petrie fyè pou l sipòte efò sa a pou ede jèn yo ak fanmi yo navige nouvo aplikasyon èd finansye a. Nou rekonesan anvè Gouvènè a ak CUNY pou devouman yo pou asire etidyan ki nan New York jwenn èd finansye yo merite a."

Patenarya FAFSA CUNY ak Fondasyon Petrie

Avèk 1 milyon dola nan finansman ki soti nan Fondasyon Carroll ak Milton Petrie, CUNY pral ini fòs li ak Lekòl Piblik Vil New York (NYCPS) yo ak patnè enstitiyonèl kle yo tankou sistèm bibliyotèk piblik New York ak Queens pou rive atenn 100,000 etidyan nan klas tèminal ak aktyèl etidyan CUNY yo epi ede yo ranpli FAFSA, ki obligatwa pou nenpòt etidyan pou resevwa èd finansye. Inisyativ la, ki rele Ekip Sipò pou Èd Finansye, oswa FAST CUNY, pral dewoule jiska fen septanm 2024 epi li pral ofri asistans pèsonalize ki soti nan konseye èd finansye ak etidyan-antrenè ki resevwa fòmasyon. Don an se dènye kado Fondasyon Petrie bay CUNY, ki te bay plis pase 21 milyon dola depi 2019 pou ede plis etidyan pwospere ak reyisi atravè kanpis CUNY yo.

Pwogram Ankourajman STEM Eta New York la

[Pwogram Ankourajman STEM](#) Eta New York la gen pou ankouraje ak sipòte elèv Eta New York yo k ap pouswiv diplòm syans, teknoloji, jeni, ak matematik apwouve pou prepare pou karyè nan domèn STEM nan Eta New York. Pwogram nan ofri yon prim ekolaj anyèl pou elèv ki elijib ki etidye yon pwogram etid STEM [apwouve](#) pou de oswa katran nan nenpòt ki kolèj oswa inivèsite SUNY oswa CUNY epi ki dakò pou yo viv nan Eta New York epi travay nan yon domèn STEM nan Eta New York pou senk ane apre gradyasyon.

Pou plis detay sou pwogram nan ak kijan pou aplike, vizite [paj wèb STEM](#) Kòporasyon Sèvis Edikasyon Siperyè Eta New York la.

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York, ki selebre 75èm anivèsè li ane sa a, se pi gwo sistèm edikasyon siperyè konplè nan peyi Etazini, epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè ap viv nan yon distans 48 km ak nenpòt nan 64 kolèj ak inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm nan, SUNY gen kat sant sante akademik, senk lopital, kat lekòl medikal, de lekòl

dantè, yon lekòl dwa, pi ansyen lekòl maritim nan peyi a, sèl kolèj optometri eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini. An total, SUNY sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan tout pòtfèy kou ak pwogram kredi epi ki pa mande kredi, edikasyon kontinyèl ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2022 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, vizite suny.edu.

Konsènan City University of New York (CUNY)

City University of New York se pi gwo inivèsite piblik iben peyi a, yon motè transfòmateur mobilite sosyal ki se yon eleman enpòtan pou fonksyonman Vil New York. Li te fonde nan ane 1847 kòm premye enstitisyon piblik edikasyon siperyè peyi a, CUNY jodi a gen sèt kolèj kominotè, 11 kolèj siperyè ak sèt enstitisyon diplòm avanse oswa pwofesyonèl ki repati nan senk minisipalite New York yo k ap sèvi plis pase 225,000 etidyan premisik ak nan nivo diplòm epi ki bay 50,000 diplòm chak ane. Melanj kalite ak aksesibilite CUNY an pwopilse prèske sis fwa plis etidyan ki gen revni ba nan klas mwayèn nan ak odela ke tout inivèsite Ivy League yo konbine. Plis pase 80 pousan diplome Inivèsite yo rete nan New York, kontribiye nan tout aspè ekonomik vil la, sivik ak lavi kiltirèl epi divèsifikasyon mendèv vil la nan tout sektè. Diplome ak pwofesè CUNY yo te resevwa anpil onè prestijye, ki gen ladan 13 pri nobèl ak 26 sibvansyon MacArthur "Genius". Misyon istorik inivèsite a kontinye jiska jodi a: bay yon edikasyon piblik premye klas pou tout etidyan yo, kèlkeswa mwayen oswa kote yo soti. Pou jwenn plis enfòmasyon sou CUNY, vizite www.cuny.edu.

Enfòmasyon sou New York State Higher Education Services Corporation

HESC se ajans èd finansye pou etidyan Eta New York ak yon lidè nasyonal nan ofri sibvansyon ki baze sou bezwen ak lajan bousdetid pou etidyan ki prale nan kolèj. Nan kè HESC gen plis pase de douzèn pwogram sibvansyon, bousdetid ak padon prè, ki gen ladan Pwogram Asistans pou Ekolaj Frè Lekòl (TAP) ak Bousdetid Excelsior NYS la. HESC pèmèt anpil ak yon pakèt Nouyòkè antre nan kolèj chak ane grasa pwogram tankou pwogram sa yo, epitou grasa konsèy li ofri pou elèv yo, pou fanmi yo, ak pou konseye yo. HESC ede plis pase 300,000 etidyan reyalize rèv kolèj yo chak ane nan bay plis pase 800 milyon dola nan sibvansyon, bousdetid ak benefis pou anilasyon dèt lajan prete.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)